



Depatman Transpò Massachusetts

Envite w nan yon

Reyinyon Piblik Vityèl pou Enfòmasyon pou Prezante Notifikasyon sou Chanjman nan Pwojè pou

Pwojè Miltimodal Allston I-90

Jedi 16 jen 2022

6:30 - 8:00 p.m.

Pou Patisipe : <https://www.mass.gov/orgs/massachusetts-department-of-transportation/events>

Rezon reyinyon piblik pou enfòmasyon sa a, se pou bay manm kominote a yon chans pou yo byen konprann Notifikasyon sou Chanjman nan Pwojè a ("Notice of Project Change", ki rele tou NPC) ki pral nan dosye Pwojè Miltimodal Allston I-90 la (I-90 Allston Multimodal Project). Reyinyon an pral fè patisipan yo konnen kisa dokiman NPC a ye, ak kouman pou yo fè kòmantè sou dokiman an, epi l ap fè konnen nan ki pwen konsepsyon pwojè a ak fòmalite pou pèmisyon yo rive. Pou fè mete non ou nan lis distribisyon an, oswa pou kontakte pwojè a, oswa pou gade plis enfòmasyon, ou mèt ale nan sit entènèt la nan adres <https://www.mass.gov/allston-multimodal-project>.

Tout rezidan, ak moun nan zòn lan, ak pwopriyetè biznis lokal, ak moun enterese ki konn sèvi ak transpò yo, envite pou yo patisipe. Tout patisipan ki siyen nan reyinyon an, epi ki bay adrès elektronnik yo, pral gen non yo ki ekri nan baz enfòmasyon pou kouryèl la, pou yo ka resevwa dènye enfòmasyon ki genyen sou pwojè a. Anvan reyinyon yo, si ou gen kesyon oswa pwoblèm espesifik ou vle pale avèk ekip pwojè a, voye yon mesaj elektwonnik ba nou nan adrès : I-90Allston@dot.state.ma.us

Remak : Ap gen fasilité nan reyinyon sa a pou moun ki andikape. MassDOT kapab fè aranjman rezonnab gratis pou moun ki mande, oswa li kapab bay asistans nan lang (tankou entèprtèt pou pale angle ak siy, ak pou lòt lang, soutit vizib, vidèyo, aparèy pou moun ki pa tande byen, oswa dokiman nan fòma altènativ) toutotan sa posib. Pou fè aranjman sa yo oswa pou mande asistans pou lang, tanpri kontakte Responsab an Chèf MassDOT pou Divèsite ak Dwa Sivik la nan nimewo telefòn (857) 368-8580, oswa nan 7-1-1 pou Sèvis Relè, oswa nan nimewo faks (857) 368-0602, oswa nan adrès elektwonnik MASSDOT.CivilRights@dot.state.ma.us. Demann yo dwe fèt pi bonè ou kapab anvan jou reyinyon an. Pou sèvis ki pi difisil pou jwenn yo, tankou lang ki pale ak siy, oswa CART, oswa tradiktè ak entèprtèt, demann yo dwe fèt omwen dis (10) jou ouvrab davans, anvan jou reyinyon an.

Notifikasyon kont Diskriminasyon nan Tit 6 (Title VI) : MassDOT respekte Tit 6 nan Lwa 1964 sou Dwa Sivik la (Title VI of the Civil Rights Act of 1964), ansanm avèk règ ak règleman ki nan gouvnèman federal ak nan Eta a. Se prensip MassDOT pou okenn moun ni gwooup moun pa sibi diskriminasyon dapre kategori ki pwoteje nan Tit 6 yo : ras, koulè, peyi kote moun soti, ni dapre lòt kategori pwoteje nan gouvnèman federal oswa nan Eta a, tankou si moun lan se gason oubyen fi, laj li, andikap li genyen, oryantasyon seksyèl, idantite oswa jan li prezante tèt li kòm gason oubyen fi, reliyion, kwayans, zansèt, kondisyon kòm veteran, oswa dosye moun lan ;



yo pa gen dwa defann yon moun konsa patisipe, ni refize li avantaj, ni fè okenn lòt diskriminasyon kont li nan okenn pwogram ni okenn aktivite MassDOT ògànize. Pou mande plis enfòmasyon sou pwomès sa yo, oubyen pou depoze yon plent daprè Tit 6 oswa yon dispozisyon kont diskriminasyon ki anrapò avèk Tit 6, tanpri kontakte Espesyalis MassDOT pou Tit 6 la, nan nimewo telefòn (857) 368-8580, Sèvis Relè nan 7-1-1, oswa nan nimewo faks (857) 368-0602, oubyen nan kourye elektwonnik nan adrès MASSDOT.CivilRights@dot.state.ma.us.

عبر الهاتف على 8580 368 MassDOT إذا كانت المعلومات مطلوبة بلغة أخرى ، فيرجح الاتصال بأخصائي العنوان السادس من (857).

Caso esta informação seja necessária em outro idioma, favor contar o Especialista em Título VI do MassDOT pelo fone 857-368-8580.

Si necesita información en otro lenguaje, favor contactar al especialista de MassDOT del Título VI al 857-368-8580.

如果需要使用其它语言了解信息, 请联系马萨诸塞州交通部 (MassDOT) 《民权法》第六章专职人员, 电话 857-368-8580。

如果需要使用其它語言了解信息, 請聯系馬薩諸塞州交通部 (MassDOT) 《民權法》第六章專職人員, 電話 857-368-8580.